Amniosentèz: Sa pou w atann apresa

Konsènan amniosentèz

Ou fèk fè yon amniosentèz. Likid amniyotik la antoure tibebe ou a epi li gen selil ak lòt sibstans ki ka bay endikasyon sou sante tibebe ou a. Yo te pran yon ti kantite nan likid sa a epi y ap fè tès sou li jan ou te diskite sa ak doktè ou oswa konseye jenetik ou. Y ap kontakte ou pou ba ou rezilta yo kou yo disponib.

Kisa k ap pase apre tès la?

- Ou ka gen ti kranp oswa ti senyen nan bouboun ou apre tès la. Sa ta dwe disparèt nan yon jou.
- W ap gen anpil chans pou ou kapab ale lakay ou 15 a 30 minit apre tès la.
- Ou ta dwe repoze w pandan rès jounen an apre tès ou a.
- Doktè ou ka mande ou pou ou pa fè egzèsis ki mande anpil efò, pa leve okenn bagay lou, oswa pa fè sèks apre tès la.
- Ou ta dwe kapab retounen nan aktivite nòmal ou yo nan lendemen, sof si doktè ou mande ou pou ou pa fè sa.

Kilè ou ta dwe rele pou jwenn èd?

Kontakte doktè ou oswa fanmsaj ou kounye a oswa chèche swen medikal touswit si:

- Ou gen sentòm enfeksyon kote zegwi a te antre a. Sa yo ka gen ladan yo
  - Doulè, anfleman, chalè, oswa woujè ki ogmante.
  - Likid wouj k ap soti nan zòn nan.
  - Pis k ap koule soti nan zòn nan.
  - Lafyèv ki depase 100.4 degre Fahrenheit (37 degre Sèlsiyis)
  - Ou gen doulè nan vant ou oswa nan basen ou.
- Ou gen senyen nan bouboun ou ki pi plis pase kèk ti tach san nan jou pwosedi a.
- Ou gen kranp ki pa disparèt.
- Ou remake likid k ap soti nan vajen ou.

Siveye nenpòt chanjman nan eta sante w ak anpil atansyon, epi asire ou kontakte doktè ou oswa fanmsaj ou si ou gen nenpòt enkyetid. Si ou bezwen swen medikal imedyat, ou ta dwe ale nan depatman ijans ki pi pre a.

THE OHIO STATE UNIVERSITY
WEXNER MEDICAL CENTER

Resous sa a se pou bay enfòmasyon sèlman. Pale ak founisè swen sante ou a si w gen nenpòt kesyon sou swen ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Bibliyotèk pou Enfòmasyon sou Sante (Library for Health Information) nan 614-293-3707 oswa health-info@osu.edu.

© 2026 – 20 jiyè 2026, The Ohio State University Wexner Medical Center

Amniocentesis: What to Expect After

About Amniocentesis

You just had an amniocentesis. Amniotic fluid surrounds your baby and has cells and other substances that can give clues about the health of your baby. A small amount of this fluid was taken out and will be tested as you discussed with your doctor or genetic counselor. You will be contacted with the results as soon as they are available.

What happens after the test?

- You may have mild cramps or vaginal spotting after the test. This should go away within a day.
- You will probably be able to go home 15 to 30 minutes after the test.
- You should take it easy for the rest of the day after your test.
- Your doctor may ask you not to do strenuous exercise, lift anything heavy, or have sex after the test.
- You should be able to return to your normal activities the next day, unless your doctor tells you not to.

When should you call for help?

Contact your doctor or midwife now or seek medical care right away if:

- You have symptoms of infection at the place where the needle went in. These may include
  - Increased pain, swelling, warmth, or redness.
  - Red streaks leading from the area.
  - Pus draining from the area.
  - A fever above 100.4 degrees F (37 degrees C)
  - You have pain in your belly or pelvis.
- You have vaginal bleeding more than just spotting on the day of the procedure.
- You have cramping that does not go away.
- You notice fluid coming from your vagina.

Watch closely for changes in your health, and be sure to contact your doctor or midwife if you have any concerns. If you need immediate medical attention, you should go to the closest emergency department.

THE OHIO STATE UNIVERSITY
WEXNER MEDICAL CENTER

This resource is for informational purposes only. Talk to your healthcare provider if you have any questions about your care. For more education, contact the Library for Health Information at 614-293-3707 or health-info@osu.edu.

© 2026 – July 20, 2026, The Ohio State University Wexner Medical Center